



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 9 septanm 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PREMYE PATNÈ YO PRAL FONKSYONE NAN SANT 'VIL ENTÈLIJAN' SUNY
COLLEGE OF NANOSCALE SCIENCE AND ENGINEERING NAN EKIERNAN PLAZA IKONIK**

***SEFCU ak CHA pral kreye biwo santral, Windstream Corporation pral prepare sant
operasyon rejyonal li, pou pote premye 130 djòb yo nan anba-lavil nan Sant SCiTI CNSE***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse SEFCU, CHA ak Windstream Corporation pral premye patnè jeneral nan nouvo sant teknoloji “vil entèlijan” SUNY College of Nanoscale Science and Engineering’s (CNSE) nan pwen repè Kiernan Plaza. Nan \$30 milyon dola a, CNSE Smart Cities Technology Innovation Center (SCiTI), yon pwojè priyorite Capital Region Economic Development Council (CREDC) (Konsèy Devlopman Ekonomik Capital Region) Gouvènè a, konpayi yo pral kreye ansanm 130 djòb, pou sipòte lansman nan anba-lavil Albany epi pou ede devlope rekonesans mondyal New York kòm yon atraksyon pou endistri teknoloji vil entèlijan k ap grandi vit.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Re-Devlopman Kiernan Plaza se yon temwayaj ki montre fason patenarya piblik-prive atire nouvo biznis yo nan kominote ki toupatou nan eta a, epi ki ede nou kreye anpil djòb. Konsèy Devlopman Ekonomik Capital Region te rekonèt kokennchenn posiblite pwojè sa a te genyen pou sipòte kwasans nan zòn nan, epi jodi a, nou wè yon lòt gwo etap ki fèt nan reyalize vizyon sa a. Lè konpayi sa yo antre nan sant vil entèlijan CNSE, yo pote djòb siplemantè ak investisman nan rejyon an, epi yo fè New York vin yon premye eta nan endistri teknoloji avanse yo.”

Gouvènè Adjwen Robert Duffy J. di konsa, “Anons jodi a make yon lòt viktwa pou Region Capital nan Kiernan Plaza ki re-devlope kòm yon kote pou kwasans ekonomi ak nouvo djòb teknoloji avanse. Gouvènè Cuomo te travay di pou jwenn devlopman ekonomik nan yon apwòch k ap pwogrese epi rezilta yo parèt aklè. Mwen bat bravo pou CNSE ak Konsèy Devlopman Ekonomik Capital Region pou travay di yo nan patenarya sa a. SEFCU, CHA ak Windstream se yon diplis nou kontan jwenn nan Kiernan Plaza istorik, epi nou di yo mèsi paske yo chwazi pou fè biznis isit la nan Capital Region.”

Chanselye Nancy L. Zimpher di konsa, “Nan College of Nanoscale Science and Engineering nou, Alain

Haitian Creole

Kaloyeros te ede ekri liv sou modèl patenarya akademik-komèsyal ki chanje modèl la nan edikasyon avanse epi nou tout ap travay avèk Gouvènè Cuomo pou imite siksè sa a toupatou nan New York. Jwenn yon itilizasyon ki nouvo ak dinamik pou Kiernan Plaza pa ta posib san kalite dirijan Gouvènè Cuomo ak pwosesis REDC. Sa a se yon lòt egzanp fason SUNY, nan tèt ansanm avèk endistri a, kapab non sèlman kreye djòb, pouswiv rechèch ak inovasyon, men tou pote nouvo lavi nan kominote n ap sèvi yo. Akòz SEFCU ak dirijan tankou Michael Castellana, etidyan ki ka pa t janm te gen mwayen oswa dezi pou pouswiv kolèj yo, ki te rete poukont yo nan domèn STEM oswa nan nano-teknoloji, ap resevwa yon koutmen pou yo kapab kontinye edikasyon yo ak pwogram tankou The Albany Promise ap kontinye devlope.”

Vis-Prezidan Direktè ak Direktè Jeneral CNSE, Alain Kaloyeros, di konsa, “Avèk gid apwòch inovatè Gouvènè Andrew Cuomo ak envestisman estratejik yo, Kiernan Plaza ap monte yon fwa ankò kòm yon flanbo pou opòtinite ekonomik ak vitalite nan anba-lavil Albany ak pi lwen. Nou bat bravo pou Gouvènè a pou vizyon li ak kalite dirijan li nan avansman pwojè sa a k ap chanje jwèt la nan pwogram Konsèy Rejyonal li, epitou nou bat bravo pou SEFCU, CHA ak Windstream pou desizyon yo pran pou panse annavan pou lokalize nan nouvo SCiTI Center CNSE. Ansanm, nou espere pèmèt nouvo teknoloji vil entèlijan bay avantaj pou sosyete a, epi pou bay yon chemen pou djòb teknoloji avanse 21yèm syèk la, fòmasyon ak edikasyon pou moun yo toupatou nan kominote Capital Region.”

Kreyasyon SCiTI Center CNSE make yon renesans pou Kiernan Plaza, yon bilding referans ki yo te bati toudabò kòm yon Estasyon Tren inyon nan ane 1899, men ki te lib depi ane 2009. Avèk yon sipò \$4 milyon dola nan finansman nan pwogram Konsèy Rejyonal Gouvènè Cuomo pou sipòte acha a epi pou CNSE adapte bilding ikonik lan, SCiTI pral jwenn finansman CREDC pou atire yon lòt \$26 milyon dola nan envestisman endistri prive; kreye epi konsève 250 djòb teknoloji avanse; atire konpayi teknoloji nan anba-lavil Albany; epi mete New York nan pozisyon kòm yon eta mondyal nan sektè teknoloji vil entèlijan k ap devlope.

Senatè Neil Breslin di konsa, “Anons jodi a SEFCU, CHA ak Windstreman pral okipe Kiernan Plaza istorik se yon gwo nouvèl pou kominote anba-lavil la epi sa pral sipòte kreyasyon yon gwo kantite djòb ki gen valè. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo, Dr. Kaloyeros ak CNSE, ak premye lokatè nou yo nan bilding nan, epi mwen espere jwenn enpak pozitif y ap gen pou kominote sa a.”

Manm Asanble John McDonald di konsa, “Patenarya SEFCU, CHA ak Windstream Corporation avèk SCiTI CNSE se yon lòt poto-mitan ki prepare chemen pou rekonstwi syon ekonomi Albany. Mwen di Gouvènè a mèsi pou kalite dirijan li nan pwodui rezilta ki fyab isit la nan Albany, ak rezilta sou nan CNSE ak nan CREDC pou efò yo fè san pran souf nan patenarya sa a. Mwen kontan pou wè Kiernan Plaza gen twa nouvo lokatè ki pral pote anpil djòb, kwasans ekonomik ak enèji fre nan tout rejyon an, epi mwen di mèsi pou egzekitif yo nan SEFCU, CHA ak Windstream poutèt yo chwazi pou vini isit la.”

Manm Asanble Patricia Fahy di konsa, “Mwen kontan pou wè CNSE kwè nan Anba-Lavil Albany kòm yon bon kote pou fè biznis. Avèk pwojè Vil Entèlijan, nou gen twa lokatè ki rekonèt gwo posiblite isit la nan Kiernan Plaza lè nou envesti nan 130 nouvo djòb. Mwen di mèsi pou Gouvènè Cuomo, patnè nou yo nan

CNSE, CREDC, ak patnè sosyete nou pou etap enpòtan sa a yo fè nan kontinye fè Albany yon destinasyon pou biznis pou anpil ane k ap fini.”

Egzekitif Konte Daniel McCoy di konsa, “Mwen kontan pou gen SEFCU, CHA ak Windstream fè yon sèl avèk nou nan Albany nan demenajman yo nan Kiernan Plaza ki anba lavil la. Demenajman an ap pote anpil bon kalite djòb pou sitwayen nou yo isit la nan Capital Region, epi sa trase yon egzanp ki montre Albany se yon bon kote pou fè biznis. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo pou angajman li pou lase kominote lokal yo epi mwen di mèsi pou patnè jeneral yo ak CNSE poutèt yo kreye patenarya sa a.”

Majistra Albany, Gerald Jennings, di konsa, “Kiernan Plaza se yon pwèn referans isit la nan anba-lavil Albany, epi anons jodi a ki endike twa gwo nouvo lokatè se yon gwo siksè k ap pote vitalite ekonomik ki nesèsè anpil pou tout Capital Region. Gouvènè Cuomo, CNSE ak Konsèy Devlopman Ekonomik Capital Region te fè yon bon jan djòb pou dirije kominote sa a nan bon jan devlopman ekonomik, epi mwen di mèsi pou SEFCU, CHA ak Windstream pou angajman yo nan Capital Region epi nou kontan wè yo nan nouvo kay yo.”

SEFCU, pi gwo koperativ nan Capital Region, ak youn nan 50 gwo yo sou plan nasyonal, ap vin mete biwo santral sosyete yo nan Kiernan Plaza. Swasant-kenz manm ekip egzekitif SEFCU ak lòt anplwaye ap fè tranzisyon nan Kiernan Plaza pou adapte kwasans de chif yo nan deseni pase a epi pou ajoute nouvo anplwaye pou kwasans ki planifye pidevan. Yo te kreye SEFCU nan ane 1934, epi jodi a li gen plis pase 295.000 manm, \$2,7 milya dola nan resous, ak 46 branch nan Capital Region, Binghamton, Syracuse ak Buffalo. SEFCU pral louvri tou nan yon nouvo sant bankè dènye modèl nan Kiernan Plaza. Patenarya avèk CNSE, SEFCU pral lanse yon Pwogram Bankè Vil Entèlijan ki pral satisfè bezwen biznis k ap deziyen kòm konpayi vil entèlijan dapre CNSE, ak plizyè pwogram pou anplwaye yo.

Yon antrepriz jeni ki ofri sèvis konplè, ki trè divèsifye, CHA, ap mete biwo santral sosyete li ak ekip dirijan li nan Kiernan Plaza kòm yon mwayen pou pran avantaj mwayen jeni endistri prensipal li nan sistèm entèlijan, enèji pwòp, ak manifakti nan patenarya avèk CNSE. Avèk 30 egzekitif ak anplwaye administratif, lokal CHA nan anba-lavil la ap sipòte atraksyon anpil gwoup konpayi nan nouvo enèji, manifakti ak sistèm teknoloji entèlijan avèk yon mwayen inik, “lab-to-fab” pou rechèch, devlopman ak deplwaman.

Windstream, katriyèm pi gwo founisè kominikasyon pou antrepriz yo ki gen biwo santral li nan Little Rock, AR, pral kreye yon nouvo biwo rejyonal nan Kiernan Plaza k ap anplwaye 25 teknològ ak anplwaye sipò. Nan prezans li, Windstream pral lanse yon Sant Ekselans Sèvis IT ak Inovasyon k ap egzamine solisyon IT tounèf pou kominikasyon nan rezo avanse, tankou aplikasyon enfòmasyon ak sèvis kontwole, ki deziyen sitou pou sèvi konpayi nan nouvo sektè teknoloji vil entèlijan.

Prezidan ak Direktè Jeneral SEFCU, Michael J. Castellana di konsa, “SEFCU bat bravo pou efò Gouvènè Cuomo ak CNSE fè pou kreye pwogram Vil Entèlijan k ap ede lanse Albany epi k ap vin yon modèl pou lòt zòn iben yo toupatou nan eta a. Nou kontan anpil poutèt nou patisipe nan pwojè sa a epitou pou patenarya nou avèk CNSE. Ane pwochèn, nou pral fete 80yèm anivèsè nou, epi nan yon fason, avansman

Haitian Creole

sa a se yon lindemyèl pou SEFCU paske nou retounen nan rasin nou paske fondatè nou yo te egzekite ak konstititif nou nan South Allen Street epi Alfred E. Smith Building te loje premye biwo nou. Nan 80yèm anivèsè nou an, n ap kontinye fè inovasyon epi devlope nouvo pwogram k ap konsantre sou kat pilye: devlopman ekonomik, lojman, edikasyon, ak amelyorasyon kominote. Patenarya avèk CNSE, n ap ede jwenn kwasans nan konpayi ki asosye avèk teknoloji ak lanse sant iben nou nan pwogram bankè Vil Entèlijan. Pou biznis nou kwè ki se yon konpayi vil entèlijan, n ap bay pwogram prè ki deziyen nan to enterè ki gen rabè pou ede avèk tranzisyon yo nan Capital Region. Pou anplwaye yo, n ap bay prim ankourajman pou yo achte yon kay nan youn nan anviwònman iben nou nan to enterè ipotèk ki gen rabè. Pou etidyan ki gen ti revni oswa mwayen modere, yo kapab aplike pou yon bousdetid pou resevwa diplòm nan CNSE. Finalman, pou kominote nou an, n ap sipòte angajman nou nan Albany Promise pou ede amelyore sistèm edikasyon nou an.”

Direktè Jeneral CHA, Ray Rudolph, di konsa, “Jodi a make yon jou ki enteresan anpil pou CHA, paske nou itilize yon bilding referans, Kiernan Plaza, pou fasilite kwasans nan yon nouvo endistri, teknoloji vil entèlijan, ki ofri bon jan posiblite pou agrandisman. Nou kontan anpil pou wè patenarya sa a avèk NanoCollege vin yon reyalite, epi nou gen pasyon pou devlope yon pyès enpòtan avni konpayi nou an na sant yon pozisyon istorik nan anba-lavil Albany.”

Direktè Rejyonal Windstream, Michael Bellini, di konsa, “Eta New York se vrè kote pou ye nan sektè teknoloji vil entèlijan k ap, epi avèk lokal nou an ki nan Kiernan Plaza, nou panse nou genyen sou premye etaj la yon opòtinite ki enteresan. Chans pou travay ansanm avèk CNSE ak patnè jeneral li yo nan anviwònman tounèf sa a pral fasilite devlopman teknoloji nou, pozisyon Windstream kòm yon premye nan endistri sa a, epi bay yon platfòm solid pou devlope konpayi nou an.”

Aparèy entèlijan, detektè ak pis òdinatè, ansanm avèk sistèm entegre ak lojisyèl eksplwatasyon ki pran ak analize done, se sa ki pami inovasyon k ap fasilite agrandisman rapid sektè teknoloji vil entèlijan yo. Enfòmasyon yo bay yo sèvi anpil pou kontwòl kondisyon otowout yo ak amelyore sikilasyon an; pwoteje enfrastruktir enpòtan yo, tankou pon, sant done, ak enstalasyon sèvis piblik yo; pwoteje bilding yo, tankou izin tretman dlo ize; epi bay pwoteksyon elektwonik ak sekirite nan anviwònman edikasyon yo.

Nan pwojè SCITi a, yon patenarya ant CNSE, Trinity Alliance of the Capital Region, ak Girls Inc. of the Greater Capital Region te kreye pou bay edikasyon nan nano-teknoloji ak pwogram fòmasyon mendèv toupatou nan kominote a, tankou sa k ap sèvi jèn moun yo nan anviwònman lavil ki gen sitwayen ki pa jwenn ase reprezantasyon tradisyonèl nan domèn syans, teknoloji, jeni ak matematik (STEM).

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418